

## **Ayiti: Temwen nan dosye Abi Seksyèl nan Foutbòl an Ayiti yo ap resevwa Menas**

*Atlèt Viktim yo ap Chèche Jistis, Restriktirasyon Federasyon an*

(Nouyòk, 14 Dawout 2020) – Temwen ak viktim abi seksyèl ki te ka founi de prèv nan yon ankèt sou prezidan Federasyon Foutbòl [Ayisyen an](#), Yves Jean-Bart, fè konnen gen jefò k ap fèt pou entimide yo an Ayiti e nan peyi Etazini, sa se deklarasyon òganizasyon ‘Human Rights Watch’ fè jodia. Federasyon Entènasyonal Foutbòl Asosyasyon (FIFA), ki se òganis k ap dirije foutbòl nan lemonn, Otorite nan peyi Dayi ak Etazini dwe pran de mezi rapid e efikas pou pwoteje moun sa yo.

Atlèt viktim yo, fanmi yo, epi [kounya gen yon antrenè](#) ki te travay kòm direktè teknik federasyon an pandan lontan ki [akize](#) Jean-Bart kòmkiwa li ta abize de jenn atlèt ki te nan fòmasyon nan akademi nasyonal foutbòl la ki pote non ‘Sant Teknik nasyonal Kwadèboukè’. Gen de òganizasyon an Ayiti ki repite nan defann [dwa fanm](#) ak [dwa moun](#) ki mande pou lajistis mennen yon ankèt apwofondi ki sou akizasyon abi seksyèl, avòtman fòse, machandaj seksyèl nan Akademi Camp Nou an. FIFA [konfime](#) komite etik endepandan li a ap mennen ankèt sou akizasyon ki fèt an Ayiti yo. Jean Bart [te tonbe anba mezi sispansyon nan dat 24 Me a pou yon peryòd 90 jou](#), k ap fini jou k ap 24 Dawout la.

“Kòm dat fen sispansyon 90 jou Jean-Bart a apwoche, Human Rights Watch resevwa de rapò sou menas k ap fèt kont temwen ak viktim abi seksyèl nan federasyon foutbòl Ayisyen an”, se deklarasyon [Minky Worden](#), ki se direktè inisyativ mondyal nan Human Rights Watch. “Sistèm jistis Ayisyen an ak FIFA gen devwa pou pwoteje tout atlèt oswa ofisyèl ki prezante tèt yo kòm de lansè alèt ki gen prèv oswa temwayaj sou menas ak reprezay k ap fèt yo.”

Jean-Bart te prezidan federasyon foutbòl Ayisyen an depi ane 2000 e li genyen eleksyon an ankò pou yon sizyèm manda an Fevriye 2020. Se federasyon an ki ap sipèvize seleksyon jenn, gason ak fanm yo, antrenè, abit ak fòmasyon. Jean-Bart te nye pilbikman tout akizasyon sa yo.

Human Rights Watch te pale ak sèt viktim abi seksyèl, pami yo gen de jwè nan seleksyon gason ak fanm epi pale ak de ofisyèl. Nan semenn ki pase yo, genyen ki di gen moun k ap suiv yo oswa menase yo, osinon genyen ki resevwa de òf asistans sispèk, e yo kwè menas ak avans sa yo se de jefò pou entimide yo pou yo pa kopere ak otorite lajistis yo oswa ak ankèt FIFA ap mennen sou Jean-Bart a. Kòm chèf foutbòl Ayisyen, [Jean-Bart te egzèse gwo pouvwa pandan plizyè dizèn lane](#), e li gen yon wo nivo koneksyon nan gouvènman epi nan sistèm politik ak jistis la.

Atlèt ki pale de abi seksyèl ak Human Rights Watch epi ak medya yo ap viv alafwa an Ayiti e deyò peyi a, men yo tout di yo enkyè pou sekirite pèsonèl yo. Anpil temwen ap kite kote yo abite a akoz yo pè pou sekirite yo.

Nan sa yo rapòte Human Rights Watch sou menas ak òf temwen yo ap resevwa nou ka site òf gwo kantite lajan oswa yo ofri yo travay an echanj silans yo e yo voye de moun ki gen zam pou siveye lakay yo oswa kote y ap travay. Gen moun yo pa idantifye ki ap siyonnen lakay temwen an Ayiti yo pandan yo pa lakay yo epi kòmanse sakaje epi tire sou byen yo posede.

“Nan sistèm jistis Ayisyen an pa gen pwoteksyon nesèsè ki prevwa pou viktim ak temwen,” deklarasyon Pierre Esperance, ki se direktè egzekitif Rezo Nasyon Defans Dwa Moun (RNDDH), ki te mennen de ankèt epi [pibliye yon rapò](#) sou akizasyon abi seksyèl nan federasyon foutbòl Ayisyen an. “ An Ayitit pa gen okenn garanti sou respè dwa jidisyab yo genyen, sa ki jwe yon wòl enpòtan nan kenbe enpinite ak koripsyon nan peyi a. Se youn nan rezon ki fè moun pè pote plent devan lajistis. Si viktim ak temwen yo pè pote prèv bay FIFA oswa bay sistèm jistis la, abi sa yo ap kontinye e pwochen jenerasyon atlèt yo pral soufri de sa.”

Kòm repons a yon demann pou FIFA te founi komantè li, men sa li ekri, “FIFA aplike règ zewo tolerans kont tout fòm abi, asèlman oswa esplwatasyon nan foutbòl la e li salye kouraj tout moun, viktim oswa temwen, ki swete prezante tèt yo pou denonse tout konpòtman ki pa kòrèk.”

FIFA ankouraje temwen yo pou denonse tout menas yo atravè [sistèm lansè alèt konfidansyèl li a](#). “An plis de pwoteje viktim yo ak temwen yo, FIFA dwe egzèsè otorite li pou pwolonje sispansyon li te pran kont prezidan FHF la epi etann li a tout ofisyèl ki enplike nan abi seksyèl oswa nan menas k ap fèt kont temwen yo pandan ankèt la,” deklarasyon Minky Worden.

Otorite Ayisyen yo dwe mennen yon anktèt apwofondi sou tout akizasyon ki fèt kont Jean-Bart ak ofisyèl FHF yo sou abi seksyèl epi asèlman sou jwè, men tou kont tout moun yo akize ki fasilite abi sa yo oswa kouvri zak sa yo.